



Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-802

Sijè: ENSTALASYON EKIPMAN GPS AK TRENING AK PRATIK WOUT OTOBIS AVID

Kategori: TRANSPÒ ELÈV

Pibliye: 20 jen 2019

REZIME

Regleman sa a tabli lwa ki gouvène enstalasyon ak itilizasyon ekipman ak/oswa aparèy ki obligatwa nan objektif pou anrejistre, rapòte oswa transmèt enfòmasyon konsènan kote machin ak/oswa elèv ye, trening nan itilizasyon ekipman ak aparèy sa yo, ak pratik wout otobis ki avid.

I. SISTÈM LOKALIZASYON GLOBAL (GLOBAL POSITIONING SYSTEM, GPS), EKIPMAN KI GEN RAPÒ AVÈK LI AK KRITÈ YO

- A. Lokalizasyon GPS se siveyans kote atravè itilizasyon lojisyèl (software) lokalizasyon global ak ekipman pou lokalize kote yon antite oswa yon objè ye adistans.
- B. Tout konpayi otobis ki gen kontra transpò elèv ak/oswa pwolonjman kontra ki efektif apre 30 jen 2018 avèk Board of Education, oblije, apre 1ye jiyè 2019 aksepte enstalasyon ekipman GPS ak software ki gen rapò avèk yo ke Board of Education chwazi, nan objektif pou yo lokalize ak rapòte nan tan reyèl kote otobis lekòl ak elèv yo ye (the "Tracking System") ak aplike sistèm lokalizasyon sa a nan tout otobis ki sèvi elèv.
- C. Tracking System lan dwe kapab fonksyone nan tout jou lekòl lè y ap transpòte elèv epi estaf ki la pou sa nan Board of Education dwe gen aksè nan Tracking System lan.

II. REGLEMAN SOU TRENING JENERAL AK KRITÈ KI GEN RAPÒ AVÈK YO

- A. Anplis resiklaj chak ane ak lòt trening obligatwa ki lye ak kontra a, tout konpayi otobis ki gen kontra ak/oswa pwolonjman kontra avèk Board of Education pou transpòte elèv ki efektif apre 30 jen 2018, oblije, apre 1ye jiyè 2019, aplike jounen trening chofè otobis, anplwaye ak/oswa asistan (escorts), nan objektif pou fè pratik wout otobis avid ak/oswa itilizasyon Tracking System.

III. DEMAND RANSÈYMAN

Si w gen kesyon konsènan règleman sa a, voye yo bay:

Office of Pupil Transportation, OPT

NYC Department of Education

44-36 Vernon Blvd., 6th Floor

Long Island City, NY 11101

Telephone: 718-707-4343